


# JÀNGAT BU YAATU CI YOON YI ÑU TËRAL

## Dafa sàmm liggéeykat yépp ci New York StateYiy sàmm liggéeykat yépp ci Réewu New York

Kayitu xibaar yii ab jàngat bu yaatu la ci yoon yi ñu tëral ci Réewu New York yi lay àar yaw liggéeykat bi. Banqaas bi yore wàllum xëy ci Réewu New York, di saytu yile yoon yi ñu tëral, dafay àar bépp ligeeykat ci càcc peyoor, te du seet ci nekkinu doxandeem. Booy liggéey ci Réewu New York, moo xam sax nga nekk ku amul ay kayit, wala doxandeem, na nga xam ni yoon mi ngi lay àar. Ci sunu réew mi, jëwriñu ligeeykat yi war nañu fey peyoor gu yées gu ñu yoonal gi ci ligeeyu diiru waxtu ak yeneeni njariñ yu ñuy lim ci kanam.

## PEYOOR GU YÉES GU ÑU YOONAL GI LU WAR LA

Bépp liggéeykat am na sañ-sañ ci jot peyoor gu yées gu ñu yoonal gi ci bépp ligéey ci diiru waxtu. Bokk na ca jaaykatu fast fuud yi, ligéeykatu bérab yiy taaral ay tànk, ligéeykat yiy jot ay neexal, ci lu jotewul dara ak seen nekkinu doxandeem.

| BÉRAB | PEYOOR GU YÉES GU ÑU YOONAL (LI KO DALEE CI 01/01/2025) | LIGEEYKAT YIY JOT NEEXAL* (LI KO DALEE CI 01/01/2025) | LIGEEYKAT YIY JOT AY NEEXAL CI WÀLLU LIGEEY CI WÀLLU ÑAM (LI KO DALEE CI 01/01/2025) |
|---|---|---|---|
| **New York City** | **16,50 dolaar ci diiru waxtu** | 13,75 dolaar ci Peyoor 2,75 ci ay Neexal | 11,00 dolaar ci Peyoor 5,50 dolaar ci ay Neexal |
| **Long Island ak Westchester** | **16,50 dolaar ci diiru waxtu** | 13,75 dolaar ci Peyoor 2,75 ci ay Neexal | 11,00 dolaar ci Peyoor 5,50 dolaar ci ay Neexal |
| **Yeneen bérab yi ci Réewu New York** | **15,50 dolaar ci diiru waxtu** | 12,90 dolaar ci Peyoor 2,60 dolaar ci ay Neexal | 10,35 dolaar ci Peyoor 5,15 dolaar ci ay Neexal |

Yoon yi ñu tërël yu Réewu New York may na jëwriñu ligeeykat yi ci bérab yu melni wotél, fu ñuy jaayee ay lekk, ak fu ñuy toggñuy xayma boole li ligeeykat bi di jot bu fekkeene lumuy jot ci ay neexal matee na ko. Ci misaal, ab berebu jaayukaay lekk ci New York City mën na fey fukki dolaar ci waxtu wi (luñuy woo wee “peyoor”) bu fekkee ni ligeeykat bi mi ngi jot lu mu neew-neew juroomi dolaar ci ay neexal ci waxtu wi ci bes boobu (li ñuy woowee “neexal”). Boole nañu ci **ñiy liggéeye ci berebu jaayukaay lekk yi**, ñiy joxe ñam yi, ñiy seddale naan yi, ak ñiy déjj ndabi ñam yi. Yóbbu katu lekk yi ñoom bokku ñu ci. **Ligeeykat yiy jot ay neexal,** ñooy yeneen liggéeykat yi, ñu mel ni séddale katu ñam yi ak mbindaan yi, ñiy jot saa suné ay neexal.

Bepp ligeeykat bu nekkul ci wotél, ba ci ñiy liggéeyee ci bérab yu ñuy taarale ay tànk, ñiy raxas aka gaare woto yi ak léttkat yi WARNAÑU jot peyoor gu yées gu ñu yoonal gi bamu matt, bu fekkee sax ni dañuy jot ay neexal.

### WAXTU YI TEGU CI WAXTU LIGÉEY YI

Lu ëpp ci ligeeykat yi warnañu jot payooru waxtu ak xaaj ci seen peyoor ci bepp waxtu buñu ligeey bu tegu ci ñeent fukki waxtu ligéey yi ñu yoonal ci ayu bés bi.

### WAXTU LEKK YI

Jëwriñu ligeeykat yi ci Réewu New York warnañu jox bepp ligeeykat waxtu noppalu ngir lekk, ginaaw bu ñu liggéeyee benn lim bi ci ay waxtu. Ci gattal, jëwriñu ligeeykat yi warnañu jox lu mu néew-néew fanweeri simili noppalu yu ñu dul fey bu fekkee ni ligeeykat bi mi ngi ligeey lu ëpp juroom benni waxtu.

### KAÑ LAÑUY FEY

Yoon yi ñu tërël ci Réewu New York sàkku na ñu fey ñiy liggéeyee ay loxo ci bepp ayu bes, bu dee nak ñiy liggéeyee ci biró yi lu mu neew-neew ñaari yoon ci weer wi.

### YÉGLE YU JËM CI LIGEEYKAT YI

Sàkku na ñu ci jëwriñu ligeeykat yi ñu yéegal ligeeykat yi mbir yi ñuy bëgga lim:

- Kayitu peyoor (tiketu peyoor) buñu bind bepp peyoor buñu jot
- Kayitu yégle peyoor, kayitu peyoor bu ñuy xayma peyoor gi ak di ci fesël besu pey gi ànd ak xibaar yi ñeel waxtu ligeey yi ak yelleef yi, lu mel ni waxtu noppalu yi, ndàmpaayi kaarange ci jamonoy ndog-ndog yi, ak yeneeni mbir.

- Yégle dakkal ligéey, muy ab yégle buñu bind ñeel ligeeykat bi ci biir juroomi fan yi ñu dàkkal ligéey bi

### ÑAKKA LIGÉEY ÑU LAY FEY NGIR FEEBAR

Bepp ligéeykat bu yore ligeeyu jambur (bu aju wul ci nguur gi) ci Réewu New York mi ngi ci suufu kaarange yoon wi ñu tërël ci wàllu ñakka ligéey ñu lay fey ngir feebar. Maanaam am nga sañ-sañ ci noppalu boo feebaree. Limu waxtu yi ak peyoor gi mi ngi aju ci dayo ligeey bi ngay def. Ligeeykat yépp lañuy àar, ba ci sax ñiy ligeey ci lenn ci ay waxtu.

### AY DAAN CI KAW LIGEEYKAT YI

Jéebaane sa jëwrin wala ab jalgati yoon mën na niru lu raglu, waaye jëwriñu ligeey yi mënu ñu la teg ay daan ndax li nga ñu yéegal ay jalgati yoon wala jox xibaar waa Banqaas bi yore wàllu Ligeey. Boo jéebaane ab jalgati, sa jëwriñ warula: dàq, dagg sa peyoor wala say waxtu ligéey, yobbu la feneen wala wàccee sa daraja ci wàllu ligéey bi. Bu ñu la xuppe ni dinañu la def dara, dinañu la bindal, dinañu la dàq wala lu mu mëna doon, yoon daf koy tere.

## NDÀMPAAYI NDOG-NDOG YI CI WÀLLU LIGÉEY

Boo gaañu wee wala nga feebar ci wàllu ligéey bi, am na ndimbal yu ñu la jagleel. Réewu new York sàkku nañu ci jëwriñu ligéeykat yi ñu jox bepp ligéeykat ndàmpaayi kaarange ci jamonoy ndog-ndog, ci lu jotewul dara ak seen bokk ci réew mi wala seen nekkinu doxandeem. Bu fekkee ni nak dangaa am gaañu-gaañu ci wàllu ligéey bi wala jangoro, ndàmpaayi kaarange ci jamonoy ndog-ndog yi lay àar mooy fey garab yi ak xaaju peyoor gi ci boo mënatula ligeey (wala ngay jot lu yées) ndax sa gaañu-gaañu wala sa jàngoro. Mën nga ci gëna xam dara ci boo yéeré xët bii **wcb.ny.gov** wala nga woote ci **877-632-4996**. Mën nañu la dimbali ci jafe-jafe làkk bi bu fekkee ni dangaa soxla ay xibaar ci beneen làkk budul àngale.

## JÉBBAL ÑAXTU

Bànqaas buy saytu ci wàllu Ligéey dafay dimbale ligeeykat yi ci ñu jot li ñu leen yoreel bu ñu jotee lu yées peyoor gu yées gu ñu yoonal, saa bu ñu jébbalee ab ñaxtu.

### ÑÀKKA FEY PAYOOR

- Sa jëwriñ ci ligeey feyu la benn ci waxtu yi nga ligéey
- Kayit bi ngay feyyeeku wee nanguwuñu ko ndax xaalis amul
- Jotu loo benn payooru neexal
- Dañoo waññi sa peyoor te yéegal lu ñu la ko ba noppi

### ÑÀKKA FEY LU DOLLEEKU CI PEYOOR GI

- Sa jëwriñu ligeey dig na la (ci wax wala ci mbind), payooru waxtu yi nga liggéeyul, payooru waxtu jamonoy bér yi, ay neexal, wala yu ni mel, waaye joxu la ko.

### PEYOOR GU YÉES GU ÑU YOONAL/WAXTU YI TEGU CI WAXTU LIGÉEY YI

- Sa jëwriñu ligeey fey na la lu yées peyoor gu yées gu ñu yoonal.
- Sa jëwriñu ligeey feyu la payooru waxtu yi tegu ci waxtu ligéey yi di waxtu yi tegu ci ñeent fukki waxtu ligéey ci ayu bés bi.

### PÀCCU YU ÑU BINDUL CI WÀLLU LIGEEY BI

- Sa jëwriñu ligeey bindul waxtu lekk yi, fani noppalu yi, kayit yi ngay feyee koo, kayitu yégle kaayi peyoor yi, feyu la ci waxtu wi mu waree, wala di la fexeel ndax li nga ñaxtu.

### KAYITU ÑAXTU

- Làkku àngale: **dol.ny.gov/labor-standards-complaint-form-ls223**
- Làkku waa Albani: **dol.ny.gov/ls223al-albanian-labor-complaint-form**
- Làkku araab: **dol.ny.gov/ls223ar-arabic-labor-complaint-form**
- Làkku Bengali: **dol.ny.gov/ls223bn-**
- Làkku sinwaa: **dol.ny.gov/ls223c-chinese-labor-complaint-form**
- Làkku frañse: **dol.ny.gov/ls223f-french-labor-complaint-form**
- Làkku greek: **dol.ny.gov/ls223g-greek-labor-complaint-form**
- Làkku kereyol bu waa Hayti: **dol.ny.gov/ls223hc-haitian-creole-labor-complaint-form**
- Làkku endo: **dol.ny.gov/ls223h-hindi-labor-complaint-form**
- Làkku waa Itaali: **dol.ny.gov/ls223i-italian-labor-complaint-form**
- Làkku waa Sapon: **dol.ny.gov/ls223j-japanese-labor-complaint-form**
- Làkku waa kore: **dol.ny.gov/ls223k-korean-labor-complaint-form**
- Làkku waa Poloñ: **dol.ny.gov/ls223p-polish-labor-complaint-form**
- Làkku waa Portigaal: **dol.ny.gov/ls223pg-portuguese-labor-complaint-form**
- Làkku waa Riisi: **dol.ny.gov/ls223r-russian-labor-complaint-form**
- Làkku waa Espaañ: **dol.ny.gov/ls223s-spanish-labor-complaint-form**
- Làkku urdu: **dol.ny.gov/ls223ur-urdu-labor-complaint-form**
- Làkku yiddis: **dol.ny.gov/ls223y-yiddish-labor-complaint-form**

### NA NGA JÉBBAL SA KAYITU ÑAXTU BU NOPPEE CI BEREBU:

**NYS DOL, Division of Labor Standards**
**State Office Campus**
**Building 12, Room 266B Albany, NY 12226**

Boo soxla wee ndimbal yu gëna yaatu ngir bind sa ñaxtu, wooteel ci: **1-888-469-7365**.